*Ассаламу гIалайкум, квербакъайги!*

# ЧIАРАДА

ЧАРАДА

gcharada@mail.ru

ЧIАРАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 8 (7326) РУЗМАН 3 март 2023 сон

12+

## Авар театралда магIарул мацIалъул фестиваль

Щибаб соналъул 21 февралалда кIодо гьабулеб рахьдал мацIазул Халкъазда гьоркьосеб къоялъул хIурматалда Авар театралда анцIабилеб нухалда тIобитIана магIарул мацIалъул фестиваль. Гьеб тадбиралде байбихьи гьабуна авар мацIалъул учительзабазул Ассоциациялъ Расул ХIамзатовасул памятникалда цере ракIариялдалъун. Гьенир данделъараз магIарулазул гимнги ахIун колонна гьабун ана Авар театралдехун фестивалалъул хадусеб программаялда гIахьаллъизе.



Театралъул фоеялда магIарул районазул газетазул хIалтIухъабаз гIуцIун букIана магIарул мацIалда къватIире риччалел тIахьазул ва печаталда рахъулел продукциябазул выставка-ярмарка. РукIана гьенир махщел камилал устарзабаз гьарурал тIагIел-алаталги.



ЧIарада районалъул делегациялъги рехсараб фестивалалда жигараб гIахьаллъи гьабуна. Информационияб хъулухъалъул хIалтIухъабаз хIадурун букIана стенд, цере лъуна газетазул подшивкабиги ва чIарадисезул хъвадарухъабазулгун поэтазул тIахьалги.

Фестивалалъул музыкалияб бутIаялда гIахьаллъи гьабуна чIарадиса цIар рагIарал артистаз: ГIабдула МухIамадмирзаевас, Абакар Жамалудиновас, Расул РахIимовас ва гьединго Зумруд Валиеваль. Гьез ахIарал кучIдуз хIайран гьарун рукIана залалда гIодор чIарал.

Данделъаразе саламги къун, гьезие лъикIабщинабги гьарун кIалъазе рахьана нилъер районалдаса ГIабдусалам Халилов, Муслимат МуртазагIалиева, ГIайшат Халилова, Рашидат ГIалиасхIабова ва цогидалги. Гьел киназго бицана магIарул мацIалда къватIире риччалел газетазул ва тIахьазул цIикIкIараб кIвар букIин магIарул мацI цIунун хутIиялъе.

Тадбиралъул ахиралда бихьизабуна Ильгара Юзееваль хъвараб «Булбулалъул кечI» абураб пьесаялдаса трагокомедия. Гьениб аслияб роль хIарав ХIусен Казиев кутакаб хьатчIваялдалъун къабул гьавуна балагьараз.

Фестиваль гIуцIараб къагIидаялда ва аваданго ана.

## Памятникалда аскIоб митинг

ВатIан цIунулесул къоялъул хIурматалда ЦIуриб росулъ КIудияб ВатIанияб рагъда гIахьаллъаразе бараб памятникалда аскIоб тIобитIана тIугъдузул гор лъеялъулаб митинг.



Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер МухIидин МухIамадовас, рагъулав комиссар МухIамад МухIамадовас, лъай кьеялъулгун культураялъул отделалъул начальник Шамил МустIапаевас, культурияб отделалъулгун библиотекаялъулаб гIуцIиялъул хIалтIухъабаз.

ГIахьаллъаразе саламги кьун баркиялъулаб кIалъай гьабуна районалъул рагъулав комиссар МухIамад МухIамадовас. «Гьес бицана жакъа нилъеца кIодо гьабулеб бугин ВатIан цIунулаго жидерго рухI кьуразул ва гьабсагIаталдаги гIумруялъухъ ва сахлъиялъухъ балагьичIого рагъул майданалда къеркьолел ругел рагъухъаби ракIалде щвезариялъул тадбир. ВатIан цIуни – гьеб буго щивасул тIадаб борч. Жакъа нилъер ракьцояз, цере КIудияб ВатIанияб рагъда гIахьаллъаразго гIадин, Россиялъул рагъулал къуватазул къеразулъги чIун жигараб гIахьаллъи гьабулеб буго ВатIан цIуниялъе гIоло гьарулел къеркьеязулъ. Ниж чIухIарал руго нижерго ВатIан цIунулел бахIарзаздаса», – ян лъазабуна МухIамад МухIамадовас.

Хадуб культурияб централъул методист, режиссер Рашидат ГIалиасхIабовалъ цIалана ДРялъул мустахIикъай артистка, поэтесса Жавгьарат ХIасанхIусеновалъул СВОялда хъулухъ гьабулезе сайгъат гьабураб кечI ва тIолалго бихьиназда баркана ВатIан цIунулезул къо – 23 февраль.

Минуталъул сихIкъотIиялдалъун ракIалде щвезаруна КIудияб ВатIанияб рагъда ва Украинаялда СВОялда гIахьаллъулаго жидерго гIумру къурал рагъул бахIарзал.

Хадуб гIахьаллъараз тIубазабуна хIурматияб тадбир – памятникалда цебе тIугъдузул гор лъуна.




## Руччабазул Советалъ посылкаби ритIана

ВатIан цIунулезул къоялъул хIурматалда ЧIарада районалъул руччабазул Советалъул тадбиралдалъун «С праздником мой защитник» абураб акцияги гьоркьоб ккун, СВОялъул ракьалда хъулухъ гьабулел рагъухъабазе хIадур гьабуна 72 посылка.

Гьеб Советалъул председатель ГIайшат Халиловалъ гIуцIараб къокъаялда гьоркьор ругел руччабаз бажараб гIарацги данде бакIарун росана кванилал нигIматал, гьуинлъаби, сухофруктал, термобелье, наскаби ва гигиеналъе хIажалъулел жал. Гьединго посылкабазда жанир лъуна рокъоб гьабураб





шербет ва нахулъ режарал гьуинал хинкIал, гьел хIадур гьаруна райбольницаялъул хIалтIухъабаз.

Щибаб посылкаялъуб лъуна рагъда хъулухъ гьабулезе саламалъул, 23 февралалъул баркиялъул ва ВатIан цIунулел солдатазе щулияб сахлъи, хасаб операциялда битIккей ва хехго рагъги лъугIун рокъоре тIадруссине ккагиян рагIабигун кагътал.

Цо чамго кIудияб ракьварал бакьазул ва гьанал цIурал коробкаби хIадур гьаруна Цемер росулъа руччабазги.

Гьел киналго хIадурарал посылкаби ритIана тахшагьаралде, гьениса гьел ине руго СВОялда хъулухъ гьабулел рагъухъабазухъе.

# ГIабдулмуслим ГIалибеговасул хIурматалда мемориалияб кьоно рагьана

Дагъаб цебе Кьорош школалъул азбаралда тIобитIана ВатIан цIунулесул кьоялъул хIурматалда, гьединго Украинаялда хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулаго нилъедаса ватIалъарав, хун хадуса Бихьинчилъиялъул медаль кьурав, Гьачада росулъа ГIалибегов ГIабдулмуслим Музарович ракIалде щвеялъе гIоло мемориалияб кьоно рагьиялъул митинг.

Гьеб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер МухIидин МухIамадовас, рагъулав комиссар МухIамад МухIамадовас, ЧIарада ОМВДялъул начальник МусахIажи Саламовас, лъай кьеялъулгун культураялъул отделалъул нухмалъулев Шамил МустIапаевас, Афганисталалъул рагъул гIахьалчи ГIабдулмуъмин Муъминовас ва ГIабдулмуслимил инсуца.

ВатIан цIунулесул кьоялда хурхун тIобитIараб хIурматияб линейкаялда школалъул директор ХIасан Хизрибеговас баян гьабуна тадбиралъул аслияб бутIаялъул.

«Жакъа нилъеца абадиялъего цIар хъвалеб буго росдал ва










районалъул тарихалда. ВатIан бокьи ва гьеб цIуни нилъее анкьумумуздасаго щвараб буго. Жакъа нилъер гIолохъаби, цо чи гIадин рахъана ВатIан цIунизе. Гьезда гьоркьов вукIана нижер хIинкъи-къай лъаларев ГIабдулмуслимги. ТIоцебесеб контракт лъугIун хадуб гьесул рес букIана рокъоре хьизаназда аскIов чIезе. ЧIужуялъ гьедин абидал, гьес жаваб кьуна: – Дун гьедин ругьун гьаврав гуро, дир тухумалда жеги рукIинчIо армиялдаса хIинкъарал, дун ине ккола ВатIан цIунизе – ян. Гьелдаса хадуб цо чанго моцIидаса нижехъе щвана пашманаб хабар», – ян баян гьабуна школалъул директорас.

Районалъул бетIер МухIидин МухIамадовас ракI гIодобе биччаялъул кIалъай гьабуна инсуе, эбелалъе, лъадиялъе ва гIагарлъиялъе, гьединго митингалда гIахьаллъаразе.

«Нижеца абадиялъего рекIелъ цIунила гьедин ВатIан цIунулаго нилъедаса ратIалъаразул цIарал ва кидаго кIочене теларо гьабсагIаталда СВОялда рагъулел ругел солдатазул цIаралги, гьезул бахIарчиял ишазулги. ГIабдулмуслимил мисалалъ цойги нухалда бихьизабуна Гьачада Совет букIин кьварарал гIолохъаби гIезарулеб бакIлъун. ГIун бачIунеб гIелалъеги гьеб букIине буго мисаллъун. Хасал зигараялъул рагIаби абулел руго ва баркала кьолеб буго эмен Музарие, эбел Хатиматие, лъадуе, лъималазе ва вацалгун яцазе.

Гьеб кьоялъ гIемерал хинал рагIаби абана ГIабдулмуслимил цIаралда. Киналго кIалъазе рахъараз абулеб букIана гьев рагьараб ракIалъул ва кьварараб хаситалъул вас вукIанилан.

Хваравги ракIалде щвезавун цо минуталъулаб сихIкьотIиялдаса хадуб, ХIасан Хизрибеговас ва Музар ГIалибеговас рагьана ГIабдулмуслим цIалараб школалъул минаялда рекъараб мемориалияб кьоно.

Цинги вац ХIусенгун цадахъ ГIабдулмуслимил ясал Фатима ва Суайбатица рагьана Гьачада росдал авалалда бугеб памятникалда тIад лъураб гьединабго кьоно.

Хварасул эмен Музар ГIалибеговас баркала кьуна киналго гIахьаллъаразе. «Дида ратулел гьечIо жакъа абизе рагIаби. КIудияб баркала буго дидехун ва дир хъизамалдехун кIвар буссинабуразе. Хасаб баркала буго жидерго хIалтIи-пишаги рехун тун, нижги кIодо гьарун гьанире рачIарал районалъул нухмалъулезе ва киналго ракьцоязе», – ян абана Музарица.

Ахиралда росдал кIудияс ГIабдулмуслимие ва цогидал гьевго гIадал рагъда хваразе дугIаги гьабун росдал гIадамаз гьезул рухIаздаса садакъа кьуна.

# ВатIан цIуниялъулъ гIирисезул бутIа

Улкаялъул жибго цIунизе бугеб бажари бихьизабиялъулъ нилъер халкъалъ гражданияб ва КIудияб ВатIанияб рагъазда бергьенлъиялъе гIоло рагъухъабаз лъураб бутIаялъе мустахIикъаб къимат кьолаго, нилъеца щибаб соналда 23 февралалда кIодо гьабула ВатIан цIунулесул кьо. ЦIар рагIараб ва бечедаб буго нилъер улкаялъул Яргъилал Къуватазул тарих. Гьелъул тарихалъул байбихьи ккола 1918 абилеб соналъул 21 февраль, Халкъиял комиссаразул Советалъ гIолохъанаб Россия хIинкъи бугеб хIалалда бугилан халкъалде ахIи бараб заман.

Чудское хIорихъ, Калкалда, Куликовалда, Полтаваялда гьоркь ва Бородиноялда лъадари щвараб Россиялъул армиялъ лъабкъогоялдаса цIикIкIун соналъ халат бахъараб гражданияб рагъдаги кьей лъазе течIо хъахIал гвардейцалъулазда ва жанисел тушбабазда.

Кидаго букIинчIебгIан бихьинчилъиги къо хIехьейги бихьизабуна нилъер рагъухъабаз КIудияб ВатIанияб рагъул соназдаги. ЦохIо Дагъисталалъ рагъде витIана 143 азарго чи, гьезда гьорлъ вукIана 1500-гIанасев чIарадисевги. Гьездасан нахъвуссинчIо 750 цIикIкIун чи. Гьеб кьогIаб рагъулъ ГIириб Советалдаса кинавниги гIахьаллъана – 121 чи, гьезда нахъе вуссана – 63 чи, руссинчIо – 58.

БахIарчилъиялъул мисаллъун хутIана нилъер ракьцояв ралъдахъан-десантник АхIмад ГIабдулмажидовасул гьунар. Жакъа рагъул гIахьалчи хутIун гьечIо.

30-ялдаса цIикIкIун чIарадисез гIахьаллъи гьабуна Афганисталалда букIараб рагъда, гьезда гьорлъ руго ГIирисели. КIикъогоялдаса цIикIкIун чIарадисес гIахьаллъи гьабуна Чачаналда террористазде данде гьабулеб кьеркьеялъулъги.

ГьабсагIаталда Украинаялда рагъазулъ гIахьаллъи гьабулеб буго ГIириб Советалдаса 31 чияс. Гьезда гьоркьов гIахьаллъарав ГIириб росулъа Абакаров Мусал вас Ражаб араб соналъул 25 абилеб ноябралда чIван вачIана. ГьабсагIат армиялда хъулухъ гьабулеб буго 6 чияс. Щибаб соналда районалъул рагъулаб комиссариаталде, школалде, эбелинсул, администрациялъул ва росдал жамагIаталъул адресалде армиялда хъулухъ гьабулел частаздаса баркалаялъул кагътал, телеграммаби рачIуна. Гьеб ккола тIоцебе эбел-инсуца, гIагарлъиялъ, жамагIаталъ, гIагараб школалъ гьитIингоялдаса нахъего бахIарчилъиялъул малъахъваял гьариялъул хIасил, ниж гьединаздаса чIухIула.

Росулъ гIадатлъун лъугьун букIана армиялде гIолохъанчи нухда тIовитIулаго кинабго жамагIат «Даргам» лъарал рагIалдаги бакIарун тIовитIи. Рагъул гIахьалчи росулъ хутIун гьечIониги, хIалтIул ветеранал, хъулухъ гьабун нахъе руссарал, кIудиял-херал, руччаби, эбел-эмен ва жалго хъулухъ гьабизе унел кIалъалаан лъикIал насихIаталги гьарун, квералги росун нухда тIовитIулаан гIолилав.

Щибаб соналда клубалда, школалда, администрациялъул кумекалдалъун, цебеккун хIадурлъиги гьабун тIоритIулаан «Жея - васал!», - ялъуни цогидал тадбирал.

Гьале ахирисеб 20 соналда жаниб я вечерал, я нухда тIоритIи абураб жо бихьизеницин киб бихьилеб, рагIизегицин рагIулебго гьечIо, лъалебцин гьечIо лъил васас, щив чияс армиялда хъулухъ гьабулеб бугебали.

Армиялда хъулухъ гьабулел киналго солдатазе ва хасго Украинаялда хъулухъ гьабулезе гьарула щулияб сахлъи, рохел, талихI, икъбал, щибго жагъаллъи ккечIого рокъоре эбел-инсухъе, гIагарлъиялъухъе, росдал жамагIаталъухъе тIадруссин. Эбел-эмен, гIагарлъи, росуцоял, жалго разияб хIалалда, ракълилаб, роцIараб ва хъахIилаб зобалазда гьоркь гIумруяшав гьабизе.

БутIрузеги гьарула къуватги, жанги, гIакълуги, сабруги кьейгиян. Киналго чIарадисезда байрамги баркулаго бокьун буго гьаризе щулияб сахлъи, рохел ва талихI.

*Дагъисталалъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан, захIматалъул ветеран ГIалиасхIаб ГIАЛИАСХIАБОВ, ГIириб росу*

# «Радуга» ясли-ахалда ВатIан цIунулесул кьо кIодо гьабуна

ВатIан цIунулесул кьоги кIодо гьабун ЧIарада районалъул школалъул гIумруялде рахинчIел лъималазул учреждениязда тIоритIана рохалилал утренникал.

Гьединаб тадбир тIобитIана ЦIуриб «Радуга» ясли-ахалдаги. Лъималаз ва гьезул тарбиячагIаз музыкаялъул нухмалъулезгун цадахъ хIадурана ракI разияб праздникалъулаб программа. Гьенир гьоркьор рукIана батIибатIиял кучIдул рикIкIи, кучIдул ахIи ва кьурдабиги. Лъималаз бихьизабуна жидерго бажари ва гьунар. ЯхI бахъулеб букIана жалго лъикIаб рахъалдасан рихьизаризе.

Гьезул рохел гIахьал гьабизе рачIун рукIана гьитIинчазул улбулги. Гьезиеги хIадурун рукIана кьецалъулал номерал.

Районалъул лъай кьеялъул гIуцIиялъул хIалтIухъабаз ва тарбиячагIаз цIикIкIараб хIалтIи гьабулеб буго гьитIинаб мехалдаса нахъего лъималазулъ бижизабизе ВатIаналде рокьи. Армиялъул ретIел ретIаразул хIурмат гьабизе ва гьездаса унго-унгоял ВатIан цIунулел лъугьинаризе.





# СВОялда ругезул умумузда байрам баркана

ЧIарада районалъул бетIер МухIидин МухIамадовасул тIадкъаялда рекъон гьесул заместитель МухIамад ГIумаров ва администрациялъул ишазул управляющая Шамай Абакарова щвана гьабсагIаталда СВОялда хъулухъ гьабулел ругел лъималазул умумузухъе.

Райадминистрациялъул хIалтIухъабазда цадахъ гьенире ана бакIазул поселениязул бутIрул ва гьединго социалияб рахъалъ халкъ хьезабиялъул центральъул хIалтIухъабиги.



Гьедин, ВатIан цIунулезул къо баркана Къучраб росулъа Шамил ХIусеновасда, Арчиб росулъа Къурбандибир МухIоевасда ва Шангерей МухIамадовасда.

МухIамад ГIумаровас байрамалъул хIурматалда гьезие кьуна сайгъатал ва абана ВатIан цIунулаго рагъда хъулухъ гьабулел васазул умумузе кидаго кумек ва квербакъи гьабизе бугилан районалъул нухмалъулез.

# Полиомиелиталде данде

Районалъул бетIер МухIидин МухIамадовасул кабинеталда тIобитIараб совещаниялда гьоркьоб лъун данд балеб аслияб суал букIана палиомиелиталде данде кIиго туралъулаб иммунизация гьабизе ккеялъул.



Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIерасул заместитель МухIамад ГIумаровас, ЦРБялъул бетIерав врач Къурбан Рамазановас, сахлъи кьеялъул ва лъай кьеялъул рахъаздаса рихьизарурал чагIаз.

Совещаниялъул байбихьуда МухIидин МухIамадовас данделъаразе баян гьабун полиомиелиталъ унтарал лъималазул къадар киса-кибего цIикIкIунеб букIиналъул, гьебги аслияб къагIидаялда эбел-инсуца прививкаби гьариялде дандечIей гьабиялдалъун ва профилактикиял тадбирал гьаруларого рукIун.

Эбел-инсуда бичIчIизе ккелин абуна районалъул бетIерас прививкабазда дандчIей гьабиялдалъун нужеца хвезабулеб букIин лъималазул сахлъи цIуни.

Районалъул бетIерав врачасул рагIабазда рекъон гIаммаб къагIидаялда иммунитет гIодобе ккеялъе аслияб гIиллалъун кколеб буго эбел-инсуца кинабгIаги гIиллаги гьечIого полиомиелиталде данде вакцина гьабиялъе дандечIей гьабулеб букIин. Гьединго лъазабуна полиомилиеталде данде чIолеб иммунитет гьечIони рес букIин гьелъ живго унтизавизе ва сверухъ ругел цогидаздеги гьеб бахинабиялъе. Гьелъие цохIого битIараб хIукму буго гьеб унти халкъалда гьоркьоб тIибитIизе течIого, полиовирусалде данде лъималазе чIагояб вакцина гьаби.

ЦРБялъул педиатралъ бицана ахираб заманалда Дагъистаналда хьвай-хьвагIай гьабун букIин 44 кIвахIалаб параличалъ унтарал лъималазул, гьездаса 12 рукIин мухIканго полиомиелиталъ унтарал, гьелъул вирусалъ хвезабулеб буго ботIрол ва мугъзал гьодазул нах, гьелъ ккvезарулел руго параличалъ ва хIалтIизе риччалел гьечIо гIодорехун ругел лугбал ва къаркъала, – ян лъазабуна педиатралъ.

Совещаниялъул ахиралда МухIидин МухIамадовас данделъаразул пикру буссинабуна районалъул захIматчагIазда гьоркьоб гьабулеб бичIчIи кьеялъулаб хIалтIуде кIвар кьезе ккеялде, гьелда гIахьаллъи гьабизе ахIана росабазул поселениязул бутIрул, лъай кьеялъулгун сахлъи цIуниялъул хIалтIухъаби, киналго учреждениязулгун организациязул нухмалъулел. Гьединго баян гьабизе эбел-инсуе полиомиелиталъул бугеб хIинкъиялъул, гьелде данде гьарулел чIагоял вакцинабазул бугеб кIваралъул ва цогидалъулги.

Баян гьабулеб буго гьабсагIаталда гьарулел вакцинаби рукIин чIагоял. ХIисабалде босун буго лъималазе 3 моцIидаса 10 соналде щвезегIан вакцинаби гьаризе, гьелги гьаризе рихьизарун руго 27 февралалдаса 5 марталде ва 3 апрелалдаса 9 апрелалде щвезегIан.

# Маризада баркула





Дагъистаналъул халкъияй шагIир Фазу ГIалиевалъул 90 сон тIубаялда бан, 2022 соналда улкаялда тIоритIана батIи-батIиял тадбирал. Гьезда жигараб гIахьаллъи гьабуна РАНалъул ДФИЦалъул ИЯЛИялъул гIелмияй хIалтIухъан Мариза МухIамадовалъ.

Фазу ГIалиевалъул гIумру ва творчество машгъур гьабиялъулъ лъураб бутIаялъухъ М. МухIамадова мустахIикълъана юбилеялъулал шапакъатазе. Г. Державинил цIаралда бугеб Санкт-Петербургалъул гIурус филологиялъул ва искусствоялъул академиялъ, ДРялъул Миллияб политикаялъул ва диниял ишазул министерствоялъ гьал къоязда Маризае кьуна «Фазу ГIалиева. ГIумруялде рокьиялъухъ» абураб ракIалде щвеялъулаб орденалъул гIаламат. Рехсараб орденалъул гIаламат Санкт-Петербургалъул академиялъ тасдикъ гьабуна 2017 соналда, Фазу ГIалиева гьаюралдаса 85 сонилаб байрам кIодо гьабиялда бан.

Гьединго Дагъистаналъул Руччабазул союзалъги кьуна «ВатIаналде рокьиялъухъ» абураб ракIалде щвеялъулаб медаль.

«ЧIарада» газеталъул редакциялъул коллективалъ Мариза МухIамадовалда баркула шапакъатал ва гьарула чорхое сахлъиги, хIалтIулъ битIккейги, медалазгун орденаз керенги цIейгейилан.

# Собрание тIобитIана

21 февралалда ЦIуриб СОШалда тIобитIана умумузул гIаммаб собрание. Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIер МухIидин МухIамадов, бетIерасул заместитель МухIамад ГIумаров, РДялъул муфтияталъул лъай кьеялъул отделалъул нухмалъулев нилъер районалда вугев вакил Салман Абакаров, ЦРБялъул тохтур Жамилят Абакарова.





Собраниялда гьоркьоб лъун дандбана лъималазе полиомиелиталде данде вакцина гьабизе ккеялъул суал. ГIахьаллъараз бихьизабуна лъималазе вакцина цохIого школалда гуребги ЦIуриб росдал ясли-ахалдаги гьабизе ккола. Вакцина гьабиялде данде чIаразда бичIчIизе ккола гьеб гьабулеб буго бищун цебе нужерго лъималазул сахлъи ва битIккей букIинабиялъе гIоло.

Гьединлъидал школалъул администрациялъ улбузда гьарулеб буго врачал специалистазда дандбазе, цереккарал фейказдагун къватIул хабараздаги божичIого рукIине ва киназдаго гьаризе инфекциониял унтабазде данде прививкаби.

Гьединго собраниялда рукIана лъималазе лъай ва бичIчIи кьеялъул суалалги.

# Байрамалъул хIурматалда

ЧIарада районалъул лъималазулгун гIун рачIунезул спорталъулаб школалъ ВатIан цIунулесул къоялъул хIурматалда гIуцIун букIана спорталъулаб тадбир.

Физкультуриябгун сах гьариялъулаб гIуцIиялда тIобитIана 5-11 классазул цIалдохъабазда гьоркьоб столалда теннис хIаялъул къецал.

Къецал байбихьилалде цере лъималазулъ ВатIаналде рокьи бижизабиялъул суалалгун кIалъазе рахъана районалъул имамазул Советалъул председатель ва ДЮСШалъул хIалтIухъаби.

ТоргIо кьабиялъул рахъалъ жидерго гьунар ва тирилъи бихьизабизе цере рахъана ЦIуриб СОШалъул 20 цIалдохъан.



ХIай лъугьана ракI бохизабулеблъун. ГIахьаллъаразе ва тIаде балагьизе рачIаразе гьелъ гьабуна ракIалдаса унареб асар.

ХIалуцарал къеркьеязда бергьарал киналго призеразе ДЮСШалъул директорас кьуна грамотаби ва гIарцулал сайгъатал.

Расул АхIматIиловасул пикруялда рекъон гьединал тадбираз кумек гьабулеб буго гIун бачIунеб гIел спорталъул рахъалъ къуватаблъун ва битIараб гIумру гьабулеблъун рукIин.

«Нилъер ракьцоязда – СВОялда гIахьаллъулезда лъазе ккола гьел хисизе гIун рачIунел рукIин къуватал гIолохъаби, гьез хадубккун ВатIан цIуниялъулъ мустахIикъаб бакI ккезе букIин», – ян абуна ДЮСШалъул директорас.

# КВН тIобитIана

ВатIан цIунулезул къоялъул хIурматалда «Цурибская СОШ» МКОУялъул актовияб залалда 7-8 классазул цIалдохъабазда гьоркьоб тIобитIана «А ну-ка, парни!» абураб КВН. Гьеб гIуцIараб букIана гIун бачIунеб гIелалъе патриотияб лъай щвеялъул ва ВатIан бокьулеллъун гьел куцаялъул мурадалда.

ХIаялде хIадурун букIана кIиго командаялъул классалъул цIалдохъабазул «Спецназ» ва 8 классалъулазул «Разведчик». КIиябго командаялъул цIалдохъабаз бихьизабуна лъикIаб хIадурлъи гьабун букIин.

ХIалуцарал къецазда, конкурсалъул хIасилал гьарулаго бергьараблъун рикIкIана 7 классалъул «Спецназ» команда. Гьезда баркула ракIчIараб бергьенлъи.

# ВатIаналде рокьи куцалаго

ЦIуриб гьоркьохъеб школалъул киналго классазда тIоритIана ВатIан цIунулезул къоялъул хIурматалда хурхарал тадбирал.

ЦIалдохъабаз рикIкIана ва ахIана рагъулал кучIдул, рахъана батIи-батIиял суратал, рихьизаруна гIажаибал сценкаби, бицана жидерго ВатIан цIунулаго рагъда бахIарчилъиялда СВОялда хъулухъ гьабулел ругел солдатазул.

Классазул нухмалъулез жигар бахъун бугоан цIалдохъабазул ВатIаналдехун, рижараб ракьалдехун рокьи бижизабиялъе, ВатIан цIунулаго рагъарал ва рагъулел ругел нилъерго ракьцоял рокьиялъе, гьезул хIурмат гьабизе ккеялъе, лъикIабщиналдаса мисал босулеллъун рукIине.

# *Авар кицаби ва абиял*

- Мун гъалбацI ватани, гIадамал гIанкIал гуро.
- Мун кида биххилебан гьикъанила къадада. ХIарщуда гьикъеян жаваб кьунила кьадаца.
- Мун кида холебан гьикъараб мехалъ, нахуда гьикъеян абунила къородисесул лакаялъ.
- Мун лъикIабилан абуни, хIамикIертги бохулебила.
- Мун цIализе иналде, дун цIалун вуссун вукIана.
- Мунги-хан, дунги-хан, чуязе хер лъица балеб?
- Мунго дудаго лъачIого, чияда гIайиб чIваге.
- Мунго дуцаго.
- Мунго дуцаго веццуге, халкъалда веццизаве.
- Мунго цIакъавилан ккун, чи хIакъир гьавуге.
- Мунилан холев дун, хабалъе дун восагиян мун.
- Мун лъил гьакида рекIаниги, кечI гъосул бакъаналда ахIе.
- МутагIиллъун вугев васасда битIараб гьумер бихьуге.
- Мухь гуреб жо кьун, вехь гурев чи тоге (вехь те, мухь кьун те).
- МухIама хIалтIун, ХIажица кIутIун.
- Нагагь лъаларилан лъабго хьит гьабурабила.
- Наги тIутIги цадахъ хIалтIуларо.
- Наги тIутIги цо тIалинир хIалтIиларо.
- Наккдалъ бахчун варани тIубаларо.
- Наку щвараб мехалъ щибго кьурдула.
- Налъи бецIиялъ берцин гьабула, гIадан битIараб бициналъ берцин гьавула.
- Насибалдаса ратIалъиларо, гIажалалдаса хвасарлъиларо.
- Нах гIемерлъун карщ холаро.



# ОМВД России по Чародинскому району информирует: «Оружие-выкуп»

В период с 01 февраля 2023 года на территории Республики Дагестан проводится операция «Оружие-выкуп» по добровольной сдаче гражданами на возмездной основе незаконно хранящегося огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ. Согласно изменениям № 361 от 29 декабря 2021 г., внесённым в постановление Правительства Республики Дагестан № 184 от 24 апреля 2014 г. плата за выкуп, установленная ранее, увеличена.

**Наименование оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ.**

Цена в руб.

1. Пистолет (в том числе автоматический пистолет Стечкина), револьвер 55000
2. Автомат от 60000 до 80000
3. Пулемет Калашникова и его модификации 85000
4. Ручной пулемет 75000
5. Пистолет-пулемет 50000
6. Автоматический гранатомет станковый 25000
7. Подствольный гранатомет 20000
8. Ручной противотанковый гранатомет 20000
9. Одноразовый гранатомет 15000
10. Малогабаритный реактивный огнемет 25000
11. Снайперская винтовка 60000
12. Охотничий карабин, винтовка с нарезным стволом 15000
13. Охотничье гладкоствольное ружье 3000
14. Газовые пистолеты и револьверы 2000
15. Пистолеты, пистолеты-пулеметы и револьверы кустарного производства10000
16. Самодельное стреляющее устройство, ружье кустарного производства 1000
17. Травматические пистолеты и револьверы 3000
18. Газовые, травматические пистолеты и револьверы, переделанные для стрельбы боевыми патронами 20000
19. Взрывчатое вещество (тротил, пластид, аммонит, аммонал и др.промышленного изготовления) за 1 грамм 800
20. Взрывное устройство (устройство, включающее в себя ВВ и СВ) 3000
21. Средство взрывания (электродетонатор, капсюль-детонатор, взрыватель за 1 шт., огнепроводные и электропроводные шнуры за 1 метр) за единицу 300
22. Штатный боеприпас (выстрелы, снаряды к артиллерийскому вооружению) 3000
23. Выстрел к РПГ 3000
24. Выстрел к подствольным и станковым гранатометам 2000
25. Ручная граната 2500
26. Мина 2000
27. Патроны и боеприпасы к боевому стрелковому оружию до 12.7 калибра 15
28. Патроны и боеприпасы к боевому стрелковому оружию 12.7 калибра и более 150
29. Запалы к гранатам 1000.




Отметим, что граждане, добровольно сдавшие незаконно хранящееся у них оружие, освобождаются от уголовной ответственности, предусмотренной за его хранение.

Также, напоминаем, что в соответствии с действующим законодательством за незаконное приобретение, передачу, сбыт, хранение, перевозку или ношение оружия, его основных частей и боеприпасов, предусмотрена уголовная ответственность вплоть до ограничения свободы сроком до 4-х лет и штрафа в размере до 80 тысяч рублей.

Денежное вознаграждение не выплачивается за сданное оружие, боеприпасы, патроны, взрывчатые вещества или взрывные устройства в неисправном состоянии либо непригодном для использования по основному назначению.

Граждане, желающие добровольно сдать огнестрельное оружие, боеприпасы и взрывчатые вещества, могут обратиться в любое территориальное подразделение Министерства внутренних дел по РД.

***ОМВД России по Чародинскому району***

## УВАЖАЕМЫЕ ГРАЖДАНЕ ЧАРОДИНСКОГО РАЙОНА!

в соответствии с приказом МВД России

**№736 от 29.08.2014г.**

«Об утверждении инструкции о порядке приема, регистрации и разрешения в территориальных органах МВД Российской Федерации заявлений и сообщений о преступлениях, об административных правонарушениях, о происшествиях»

*В ОМВД осуществляется прием, регистрация и разрешение заявлений:*

ОБРАЗЕЦ ЗАЯВЛЕНИЯ

**Начальнику ОМВД России**
**по Чародинскому району**
(наименование ОВД)

**подполковнику полиции**
(звание начальника органа внутренних дел)

**Саламову М.С.**
(Ф.И.О. начальника органа внутренних дел)

От______________________________
(Ф.И.О. заявителя)

проживающего____________________
(адрес места жительства)

место работы_____________________
(название организации)

контактный телефон_______________
(заявителя)

адрес для корреспонденции__________
________________________________

ЗАЯВЛЕНИЕ

________________________________________________
(заявление должно содержать описание события преступления, места времени, а также обстоятельств)
________________________________________________
(его совершения, просьбу, адресованную к руководителю правоохранительного органа, о принятии)
________________________________________________
(установленных законом за совершение противоправного деяния мер, список свидетелей)
________________________________________________
(или очевидцев, если таковые известны)
________________________________________________

Об ответственности за заведомо ложный донос (ст. 306) мне известно
________________________________________________

Дата________________________________
(число, месяц, год)

Ф.И.О. заявителя_______________________

Подпись заявителя______________________

**НОМЕРА ТЕЛЕФОНОВ И АДРЕСА ДОЛЖНОСТНЫХ ЛИЦ, КОТОРЫМ МОЖНО ОБЖАЛОВАТЬ ДЕЙСТВИЯ, СВЯЗАННЫЕ С НАРУШЕНИЯМИ ПРИ ПРИЕМЕ ИЛИ ОТКАЗЕ В ПРИЕМЕ СООБЩЕНИЙ О ПРОИСШЕСТВИЯХ**:

Начальник ОМВД России по Чародинскому району, подполковник полиции М.С. Саламов
с. Цуриб Чародинского района тел.: 99-69-38; тел. доверия: 98-48-48.

Прокурор Чародинского района, ст. советник юстиции З.С. Магомедов
Заместитель прокурора района, советник юстиции М.Н. Магомедов
с. Цуриб Чародинского района тел.: 55-29-35, 55-30-26.

Федеральный суд Гунибского района
А.К. Магомедов, с. Гуниб Гунибского района тел.: 2-22-23, 2-22-15.

Мировой судья судебного участка № 92
Чародинского района И.З. Шарипов
с. Цуриб Чародинского района тел. 55-67-43.

***ОМВД России по Чародинскому району***

## Аттестат билун буго

Дусрахъ гьоркьохъеб школалъ 2001 соналда МухIамадова Гульназ ГIабдулаевналъул цIаралда кьураб аттестат А - № 7308847 билун букIиналда бан, **гьеб хIакъикъияблъун рикIкIунаро.**

**ЧIАРАДА**
**Директор МБУ «ЕИС»** Земфира МухIамадова
**Жавабияв секретарь** Къасум Чахиев
**ГьитIинай редактор** Манарша Расулова
**Корреспондент** Шахзанат Шамсудинова
**Набор** - Ирайсат МухIамадгIалиева
**Редактор-стилист** Аминат ГIабдурахIманова

**Газета гIуцIарал:** **«ЧIарада район» муниципалияб гIуцIиялъул администрация**
**Учредитель:** **Администрация муниципального образования «Чародинский район»**

**Газета къватIибе биччана «Лотос» ОООялъул типографиялда Адрес: 367000, МахIачхъала, Петр 1 проспект, 61.**
**Заказ №____**

**Газета къватIибе биччазе байбихьана 1937 соналъ. Редакциялъул ва издательствоялъул адрес: 368450, ДР ЧIарада район, ЦIуриб росу, имам Шамилил къватI, 5 Тираж 1000**

**Макъалабазда рихьизарурал хIужжабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз**

**Газета «Чарада» зарегистрирована Южным межрегиональным территориальным управлением МПТР РФ 29 октября 2002 г. Регистрационный № ПИ 10 - 4666**

**ИНДЕКС: 513 79. Багьа 8 гъур. Печаталъе гъулбасана 16:00с. Гъулбасана 15:30 с.**

***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо» - Ж.Сервантес***